


FÈY ENFÒMASYON SOU PWOJÈ KONSTRIKSYON

DEPATMAN TRANSPÒ FLORID - DISTRI SIS

State Road (S.R.) 916/NW 135 Street soti NW 47 Avenue rive NW 30 Avenue Pwojè Wout
NIMEWO IDANTIFIKASYON PWOJÈ: 449947-1-52-01



DESKRIPSYON KAT LA: Koridò pwojè a chita sou NW 135 Street, soti NW 47 Avenue rive NW 30 Avenue. Limit pwojè yo make sou kat la. Nò a oryante sou pati anlè kat la.

DIMANSYON TRAVAY PWOJÈ A

- Repave ak refè mak sou wout la pou prezève dire sèvis wout la
- Retire antre prive ki abandone yo.
- Enstale pasaj pyeton ki byen vizib nan entèseksyon ki gen limyè trafik yo
- Rekonstwi ranp twotwa yo ak twotwa an beton yo.
- Mete ajou tout panyen siyal machin yo, zòn lekòl yo, ak siyal pou pyeton yo.
- Ajoute nouvo siyal pyeton ak kontaj desann
- Enstale detektè sikilasyon ak kamera videyo.

ENFÒMASYON SOU FÈMTI LIY YO

Travay la ap fèt pa etap pou diminye efè konstriksyon an sou kominote a. Yo ka fèmen liy yo pandan lè sa yo:

ASWÈ PANDAN LASEMÈN: 8 p.m. – 6:30 a.m.

WIKENN: 8 p.m. – 6:30 a.m.

Aksè pou biznis ak rezidans yo ap toujou rete ouvè. Y ap mete detou pou pyeton ak machin, avèk pano ki klè..

ORÈ AK PRI

KÒMANSMAN:

Me 2026

DAT FINI YO ESTIME A:

Kòmansman ane 2027

PRI KONSTRIKSYON AKTYÈL:

\$3.2 milyon

ENFÒMASYON KONTAK

ESPEYALIS FDOT POU SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ

Cristina Rodriguez

TELEFÒN

(786) 562-1868

IMÈL

Cristina.Rodriguez@dot.state.fl.us



POU PLIS ENFÒMASYON

Eskane kòd QR la
pou mizajou sou
pwojè a.

SWIV NOU



MyFDOT_Miami MyFDOTMiami



VIZITE NOU NAN: SouthFLRoads.com

